

**(Lyen Lakay) Inite 4: Monn Koulè Yo: Semèn 1**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou koulè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>(Anrapò ak liv: <i>Max's Dragon Shirt</i> ekrive: Rosemary Wells)</p> <p>Fè Lesiv: Envite pitit ou ede w triye, lave, seche, ak pliye lesiv yo.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Se ki jan nou te triye lesiv la? ● Se ki jan rad ou te fè vin sal? ● Se ki jan ou te pliye mayo w la? <p>Mo nou kapab itilize:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● triye, pi pal, pi fonce, detèjan, tach 	<p style="text-align: center;"><u>Rakonte Istwa</u></p> <p>Ou Santi W Pisan: (Anrapò ak <i>Max's Dragon Shirt</i> ekriven: Rosemary Wells ak <i>Nana in the City</i> ekriven: Lauren Castillo.)</p> <p>Rakonte pitit ou an yon istwa sou yon moman lè w te santi w te gen pisans epi jwe wòl la ansanm</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa ki fè w santi w fò e pisan?
<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Konte e Fè Mouvman selon Motif: (Yon motif se yon sekans inite ki repete: AB, AB, AB, ...)</p> <p>Konte byen fò ak pitit ou jiska 20 oswa pi plis pandan w ap kreye yon motif avèk mouvman yo: 1 (bat men n), 2 (sote), 3 (bat men n), 4 (sote), 5 (bat men n), 6 (sote), 7 (bat men n), 8 (sote) et setera oswa 1 (vire tou won), 2 (vire tou won), 3 (jigote), 4 (vire tou won), 5 (vire tou won), 6 (jigote), et setera.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa w remake nan motif nou an? ● Ki motif mouvman nou dwe eseye apre? 	<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li Ansanm</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? <p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon/Chante</u></p> <p>Chante ansanm: Sa a se yon chante pitit ou dwe abitye avè l</p> <p style="text-align: center;">I'm a Little Teapot</p> <p>I'm a little teapot short and stout. Here is my handle. Here is my spout. (Mete men dwat ou sou tay ou. Leve koud goch ou pandan w koube men w fas atè.) When I get all steamed up Hear me shout, "Tip me over and pour me out!" (Panche kò w sou bò goch ou)</p>

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou mond lan nan koulè!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Max's Dragon Shirt ekriven: Rosemary Wells
Dog's Colorful Day ekriven: Emma Dodd

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Mouse Paint ekriven: Ellen Stoll Walsh
Little Blue and Little Yellow ekriven: Leo Lionni

Kèk Konsèy pou lè n Ap Li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Disgusting** vle di yon bagay ki degoutan oswa ki dezagreyab.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se ki jan chyen an te rive genyen tout tach plizyè koulè sa yo?”